Соколёнок

# Лачен

5/2019
сентябрь – октябрь

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# «ХЪАХIАЛ КЪУНКЪРАБАЗУЛ» БАЙРАМАЛДАСА













Шамай Хъазанбиева

# ХIикматаб макьу



– Лъимал, дида бихьараб
Макьу бицинищ нужей –
ХIикматазул тIилалъ дун
Вохизе гьавураб куц!

Жибго бачIун, гьардана,
Кумек гьабизе теян.
КъалъизегIан кьижаян
Малъаризе лъугьана.

Дарсалги жиндихъ теян,
Диктант хъвазе кколарин,
ХIисабги дий кIваричIин,
Школалде кватIейин.

Нужеда лъалебани
Цо дий букIараб рахIат,
Радалквенцин дие гьелъ
Бусадего бачIана.

Бокьун буго жакъаги,
Сордо хехго бачIине –
ХIикматазул тIилалъул
Накъит дий цIакъ бокьана.

Гьеб тIил къасиги дихъе
Нагагьлъун бачIанани,
Нужее бокьанани,
Нужехъеги битIила.

– КIваричIо нижей гьеб тIил,
Диктантги хъвазе буго,
Щибаб къоялъ дарсалги
ЦIализе бокьун буго.

ЧIоге мунги гуккизе
ТIилалъул чIандабаца.
ГIакъилаллъун рукIине
Нилълъго цIалдезе ккола.

Ккоге дуца гьудуллъи
Макруяб тIилалъулгун.
ГIакъил, цIодор, цIалдохъан –
Гьеле дуе хIикматал.

– Лъимал, нужей баркала,
Дие гIакълу кьуралъухъ.
ТIилалъулгун гьудуллъи
Кквезе гьечIо дицаги.

Нагагь лъикIлъи гьабизе,
Гьеб тIил разилъанани,
Нилъер лъикIал ишаца
Къалъ-къалъила сверухълъи.

# «ЛАЧЕНАЛЪУХЪ» ГЬОБОЛЛЪУХЪ – ДАРГИЯЗУЛ ХЪВАДАРУХЪАБИ

*Аминат ГIабдулманапова*




Доб заманалда росабалъе лъикIал нухал рукIинчIолъиялъ гьенире машинаби хьвадулароан. Дир инсулин абуни чу букIана. Гьеб букIунаан чIухIилъунги. Ясазе гьукъараб букIаниги, цо-цо дунги рекIунаан чода ва бекеризе биччалаан. Цо-цо мехалъ чуял риччаялде дица къецалъе васалги ахIулаан. Амма нижер чу гьезул цонигиялда къезабизе кIолароан. Васал дида хIалхъублъун лъугьунаан, цо-цо мехалъин абуни дун юхизецин хиял гьабулаан. Чол надалда хъахIаб тIанкIги букIана. Жалин абуни гьелъул ризаб ва халатаб букIана. Дица эмен тохлъаравго гьелъул гъалалги хьухьунаан. Амма, гъалал гьаризе гьеб яс гурилан, вагъулаан диде гьев. Доб заманалда чакарги къанагIат букIунаан. Дица гьелъие дирго чадил рекелги бикьун кьолаан. Хъизамалъе гIураб гьечIонигицин, цо-цо чакарги лъолаан гьелъул кIалдиб. Нижеца гьелде Васька абун недегьго ахIулаан. Инсуцаги хъулухъ гьабулаан гьелъие: нихаги кьун кваназабулаан, лъухьулаан, ххалаан, лъарахъе бачун гьекъолаан, чвердезабулаан. Хинал къояз Васька лъаралъги бегун гебергахъдулаан ва жиндирго щанкIлазги ххалаго лълъадал чIахIиял тIираби сверухъе гьарщулаан. Чодул гьеб расанди дие бокьулаан. Цо-цо мехалъ гьелъ щибалиго ахIулеб гIадин, гIажаибал гьаркьалги гьарулаан.

Инсул буйрухъ чоца мукIурго тIубазабулаан. Гьес тIукъби чIвалелъул дица чол хIатIал кколаан, амма бакIлъун кодоса рорчIунги унаан. Гьеб сабаблъун эмен диде вагъулаан. Цо-цо мехалъ эмен дида гурхIулаан ва тIукъби чIван рахъинегIан кумекалъе мадугьал ахIулаан. Амма чодуе чидаца квер хъвазе бокьулароан ва гьезие мукIурлъулароан. Цо-цо чийин абуни асклове гIагарлъизецин виччаларoан гьелъ. Ццидалал гIадамал ратIарахъизе лъалаан гьелда. Нижеца гIажаиблъи гьабулаан, кин гьелда гIадамасул гIамал-хасият асклове гIагарлъулаго лъалебилан. Цо-цо мехалъ, гьединал чагIаз ниж

хӀалае ахӀулаан, чу добегӀан бачине ва гъезие нух кьезе. Чоца гъезда хӀанчӀизецин хӀаракат бахъулаан ва жиндирго разилъунгутӀи загьир гьабулаан.

Дие цӀакъ бокьулаан гьебгун ясандизе. Дица къвалги бан гьелъул габур къалалаан ва бохдуз гьелъул гӀебаб керен кколаан. Гьелъ дун рахъ-рахъалде хьвагӀезаюлаан. Цинги дица гьелъул кӀалдиб чакаралъул гӀерекъ лъолаан. Нижер хъизамалдаса бищунго дун йокьулаан гьелъие. Дун рекӀиндал гьелъ щибго гьабулароан, амма кӀудияй яц гьелъ гъоркье рехулаан ва жибго лъутун унаан. Цинги гьелъ Васька кквезе кӀоларого гӀемер заман балаан.

Цонухалъ сордо бан тезе дица гьеб гӀалахалде бачана. Гьениб гьелда цогидаб чу бихьана. Байбихьана гьез рагъизе. Васька гьелда хӀанчӀезе, маладизе лъугьана. Гьел квачӀидрахъунги цоцазда щанкӀлаз рухъарунги питна-кьалалда рукӀана. Дун кутакалда хӀинкъун лъугьана. Дида хӀалица бажарана гьеб «рагъдаса» нижерго чу нахъе бачине.

Цонухалъ эмен чугун районалде ун вукӀана. Эмен цӀакъ кватӀулев вукӀана. Свакарал нижги кьижун ккана. Сардилъ ниж цо кинабалиго сас рагӀун, макьидаса рорчӀана. Азбаралде рахъингун нижеда гьенив эмен ватичӀо. Чуйин абуни жибгоцохӀо бугоан. Нижеда инсул ургъелчӀвана. Яцги дунги чода рекӀана ва гьеб хехго цебехун бекерана. Чоца ниж рачана вагъаричӀого лъарал рагӀалда гӀодов ккун вугев инсуда тӀаде. Ниж гӀодизе лъугьиндал, жиндирго чӀахӀиял бералги кенчӀезарулаго, инсуда тӀаде къулун Ваською чӀана.

– ГӀодориччай, чӀаго вугин дун, – ан хӀалицаго гӀадин абуна инсуца. – РакӀ унтун гӀадин лъугьана дун. Дида чоде вахине кӀвечӀо. Гьаб гӀакъилаб хӀайван рокъобеги ун, нужги рачун бачӀана. Гьаб унго-унгояб гьудул ккола. ГӀодичӀого, чода рекӀине дие кумек гьабе, – ян щурана инсуца.

Эмен рекӀине бигьалъиялъе гьесда цебе накабазда чӀана Васька. Гьедин, ниж рокъоре щвана. Гьелдаса хадув эмен гӀемер заманалъ унтана. Цонухалъ гьес абуна:

– Лъимал, дие цӀакъ захӀмат буго чодуй хъулухъ гьабизе. Гьеб бичизе ккола.

Нижеца гӀемер гьарана инсуда чу бичугеян. Гьеб хъизамалъул чи гӀадин букӀиндалха. Нижее гьелдаса ратӀалъизе бокьун букӀинчӀо.

Нижехъги гӀенеккичӀого инсуца чу аскӀоб росулъа чиясе бичун ана. ЦӀияв хважаинас цӀал кьабидал, расги бокьичӀого гьевги ваччун ана Васька. Ниж пашманго ралагьана инсухъ. Дица хӀалица ккун букӀана магӀу. Инсул гьурмадаги бихьулаан пашманлъи.

Нахъисеб къоялъ радал чоца рорчӀизаруна ниж. Ниж къватӀире раккизегӀан гьелъ щанкӀлаз бухъулеб букӀана чӀабар. Йоххиялъ дир чӀезе бакӀ тӀагӀана. Дица гьелъие чедги чакарги кьуна. Эмен диде вагъана, гьеб гьанже нилъер чу кколарин, беэдичӀого, гьелъул гӀаксалда нахъе хъамизе кколин бичӀчӀизабуна. ЦӀияв хважаинги хадув вачӀун, гьеб нахъеги бачун ана.

КӀиго къойидасанги добго жо такрарлъана. Инсуца чу бухана ва тӀокӀалъ жинда бихьугеян абуна. Васькал пашманал бераздасан, расул цӀурал кӀаркьабазде магӀил гарал гирулел ругилан кколаан. Гьеб гӀодобе бетӀерги къулун, къваридго нахъе ана. Щцин бахъарав хважаинасги, хадувги вачӀун, чанго цӀцӀал бана гьелда. Ва унаго, абуна:

– Гьанже дица щулаго бухьина мун, – илан...

Дун школалда, дарсида гӀодойчӀун йикӀана. Гордухъе ялагьидал,

гӀажаиблъун хутӀана. Нижер букӀараб чу бугоан гордухъ эхетун. Дун, учителасухъа изнуги босун, «гъудулалъухъе» екерана. Гьелъул цереса махӀаби кварица данде рухьун ругоан ва халатаб нухтеялъ къокъал галабиги тӀамун билълъине ккеялъищали, къобихьун, бидухъран ругоан. Чуязда гьедин рикӀкӀаде рилълъине кӀоларо. Амма Васька гъабщинаб нухги тун, дида хадуб бачӀун буго! Цояб хӀатӀида бухьахъе халатаб кварги бугоан. Дица гьелда квер бахъана, къвал бана. ГъотӀодехун доб кварица бухьун гьебги тун, рокъое екерана. Дица инсуда кинабго ккара-тараб бицана ва гьарана чу нахъего бачеян. КӀудияй яцалъги дир рахъккуна. Лъаларо кин дида эмен рази гьавизе кӀваравали, нижер чу рокъобе тӀадбуссана. Живго эменги вохун вукӀана гьедин гьабиялдаса. «Чу гьечӀеб мина-къайи – лълъим гьечӀеб гьобо» гӀадаб жо ккола. Щуне гьеб баркаман. Нилъее гьелдасаги нилълъ гьелъие цӀикӀкӀун рокьулел рукӀун руго. Нилълъ гьелда цере гӀайибиял руго» - ян абула гьес.

Дун цӀидасан, гьелдаги рекӀун, бищунго борхатаб магӀардеги яхун, гьениб бекеризе гьебги биччан, дирго рохел загьир гьабизе лъугьана. Ваською абуни, дагьабги цӀакъ разилъун, квачӀид бахъун, нахъе-цебе буссун, гогьаб «кьурдиги» гьабулаго, цин дидаса рикӀкӀаде бекерун ун, нахъеги дандего бачӀун, рокъобе тӀадбуссинабиялдаса рохел загьир гьабулеб букӀана.



Тавсултан Сагидов

# Симба

**(хабар)**

Дир росуцоявги мадугьалги, сваклъаларев ахихъан АхIмад-дацил букIана гIажаибаб кету. Гьеб тIубанго гIалхулабги букIинчIо, амма гIемериселъ къватIибго чIун, рокъобеги буссунароан. Цинги цинтIаго азбаралдеги кIанцIун бачIун, кIудияб цIулакьугъотIокь, данбитIун бугеб берцинго тIегьараб гIечугъотIохъ хIайранго валагьун вугев АхIмад-дацил накабазда, жиндиего санагIаталда, щватбиччан бегулаан. Гьезие цадахъ хIухьбахъизе бокьулаан.

ГьитIинаб цIиркъалда релълъараб букIаниги, жиндирго хважагьинасе недегьлъизе лъалаан гьелда. Гьелъул цIвакараб мугъалда дацица квербахъулелъул, гьелъ гIисинккун гъургъурчал рицине байбихьулаан. Гьеб букIана бенгалиялъулаб тайпаялъул чанахъан. Ккун рачIунаан хIанчIи, хъутангIункIкIал, борхьал, ва жинцаго гьабураб гьунар АхIмад-дацида бихьизе, гьес къимат кьезе гIадин, гьесда цере лъолаан. АхIмад вагъулаан катиде гIисинал хIанчIи: гъагъусакIал, къудкул ва ракълилал маккал, чIван гьелъ росун рачIиндал. Амма хважагьинасул разилъунгутIи лъалеб букIаниги, катица жиндирго чанахъанлъи толароан. Цоги нухалъ, къадакоги ккун гьеб рокъобе бачIиндал, АхIмад-даци цIакъго семана гьелде. Гьединищали, кету кIигониги анкьалъ рокъобе буссинчIо.

Катида цIар лъун буго Симба абун. Мадугьалзабазул лъимала-зе гьеб бокьулаан, хIинкъи гьечIеб ва берцинаб букIиналъ. Цоги кутузул мугъалда чIегIералги хъахIалги мухъал рукIунел ратани, Симбаялъул мугъ букIана сурмиял ва гургинал тIанкIалги тIад ругеб. Жибго гьеб букIана халатккараб ва цIакъ тирияб. Нахъаса боходул гIажаибго рорхатал рукIиналъ, гьеб цIакъго релълъунаан жиндирго гIалхулаб тайпа-тухумалда. Балагьиги гьелъул букIана цIакъ цIодораб. Ццин бахъинабуни, гьеб гъирун чIолаан ва жиндирго регIерал гажал рихьизарулаан.

ГIемериселъ Симба бихьулаан АхIмад-дацил ахикь ругел гъутIбузда чанагьдилеб. Гьеб гьениб бахчунги чIун, хIанчIазе чанкъан чIолаан. ЦохIо нухалъ кIанцIун, кколаан гьелъ хIинчI ва чIаго бугебгIан мехалъ басандулаан гьеб пакъиргун. Гьеб гуребги, боржун унаго кколаан гьелъ тIутIги. Басандулаан гьеб ахикь гIинтIидул тIугьдузда тIад свер-свелел рукIунел кьер-кьерал кIалакIучIалгунги.

АхIмад-дацил накабазда-са гIодобги рештIун, катица цIабуцIинабулаан жиндирго халатаб къаркъала, жанаваралъул гIадаб кIалги цIазабун гьакIкIадулаан ва бихьизабулаан жиндирго билбагIараб мацIги рахьхъахIал ва бегIерал гажалги. Симба цохIо АхIмад-дацил кодобе бахунаан ва гIицIго гьесул кодосан кваналаан.

– Цо сордоялъ кьижун вукIарав дун цо кинабалиго хъуялъухъе ва ахIи-хIуралъухъе ворчIана ва хехлъигьабун азбаралде вортана. Дир

рукъалда гIагарлъухъ, нух бахун добехун руго колхозалъул цIолбол ахал. Балагьана, дир катица кIалдиб ккун чIезабун бугоха чIагояб гIанкI. ГIанкIица тIуризе хIаракат бахъулеб буго, амма Симбаялъ гьеб щулаго ккун чIезабун буго. Гьеле гьеб гIанкIил гьаркьихъе букIун бугоха дун макьидаса ворчIаравги. ЦIолбол ахазда сверун метрагун бащадалъ борхатаб маххул хьуриги буго. Гьеб хьорохъе векерана ва гьеб ахадаса дагьабго тIадехун чIвазабуна. Кету, кIалдиб кковухъе гIанкIгун нухде кIанцIун бачIана ва дихъ балагьун чIана.

— Дур махсаро батила, — ян абуна дица мадугьаласда, гьесул рагIабаздаги божичIого. — ГIанкI дур катидаса кIудияб букIинарищха, ле. Кин гьелъ гьеб кколеб ва рокъобе щвезегIан бехъерхъулеб?

— Дунго тамашалъун вукIана гьелда. Амма дица дуе битIараб бицунеб буго. Дица гIанкIги хъуна, ччукIун, гьелъул цIокоги бахъана, гьанги кескал гьарун къотIана ва холодилькалда лъуна. Гьеб кинабго гьабун бахъинегIан, аскIоб балагьунчIун кетуги букIана. Дун кьижизе ана, амма кету холодильникалда аскIобго чIун букIана. Радал дица гьан бежана. Дунгоги кванана катиеги кьуна. Гьеле гьединаб чанахъанлъун букIана дир Симба.

— БукIанилан щай дуца абулеб? Гьанже кибха гьеб чанахъан бугеб?

— Дуда жеги бицинчIогойищ гьелъие ккараб? — абун гIажаиблъана АхIмад.

— ЩибгIаги гьелъие ккараб? КъватIул гьабзаз кквезеги ккун, тIутIунгIаги банадай цощина? Яги цIолбол ахикь бацIица кванадай?

— Гурин, гъарин. Дир кету гьабзаздаса хIинкъулароан. Гьабзазулгун гъавгъа ккараб мехалда, гьеб бекерунги ун гъотIоде бахунаан, гьенисанги балагьун, гьезул ццин балъаргъунаан гьелъ. БацIални нижер гьанир гьечIо, дида гьел гьанир рихьанилан бицунебги рагIичIо. Амма колхозалъул цIолбол ахакь цурдул гIезегIан рихьана. Дир Симбаялъго гIадин, гьезгиха гIанкIазде чан гьабулеб. Бицинищ дуего, Симбаялъе ккарабги? Гьелдаса нахъе анщинаб замангиха, амма дида гьеб кIочонго толаро. Гьеб гIажаибаб кету букIана. Цонухалъ гьеб бачIана квегIаб берги лъукъун, дида гьеб гIажаибго кIодолъунги бихьана. Гьеб хIалица багъарулеб букIана. Гьелъ дун рукъалда нахъе — ахикье ахIулев вукIана.

Дун дирго беразда божичIо! Гьениб гIодобе рехун бугоан халалъухъе метрагун бащдабниги бугеб гIадаб загъруборохь. Гьале гьаб дир рукьгIанниги биццатабги букIана гьеб. Гьеб букIана унго-унгояб гюрза. Дида гьеб бихьарабго лъана. Гьалдаса лъагIелалъ цебе нижер гьаний загъруборхьица хIанчIун цо чIужугIаданги хун йикIана. Гьеб ккола Дагъистаналда дандчIвалел борхьазул бищунго загъруябги! Гьелъ хIанчIун хадуб къанагIатги чи чIаго хутIуларо. Гьелъул гожоялъ бигьаго борлъулъула резиналъул чакмацин. Гьеле гьединаб загъруборохь чIван батана Симбаялъ. Амма гьел-



даги хвалилаб ругъун лъун бугоан дандиялъ. Гьелъ букӀун буго пакъир, гьоро-годон лъугьарабги. Дида бачӀинахъего бичӀчӀана дир кету холеб бугеблъи ва дир берда цебе хвезеги хвана. Дие гьеб цӀакъ кӀудияб камиялда бащалъана, щайгурелъул, дун гьелде цӀакъ ругьунлъун вукӀана. Живго гӀадан-инсанасда гӀадин, гьудуласда гӀадин гаргадулаан дун гьелда.

Дун хӀикмалъун вукӀана катил бахӀарчилъиялда. Доб загьрубор-хьица дихъе гӀемер рачӀунел дир лъималазул лъималазда яги гьудулзабазда хӀанчӀизе бегьулаан. Симбаялъ нижее гӀоло жиндирго гӀумру кьуна. Лъида бицениги, киназулго ракӀбухӀула дир катида ха-дуб. Гьелъ гьабураб ишин абуни, бахӀарчилъилъун рикӀкӀуна, – ян абуна, гъваридго хӀухьелги угьун, АхӀмад-дацица.

Дагьав цевегӀан дун нахъеги щун вукӀана АхӀмад-дацихъе гьоболлъухъ. БагӀарараб къо букӀана. Гьев гӀодовчӀун вугоан куракул гъотӀода гъоркь ва хӀухьбахъиялда вугоан. Дида халлъана, суркӀиниса рахь чӀикӀулеб бугеб катитӀинчӀ. Гьеб бугоан, доб Симба гӀадаб къанагӀатаб тайпаялъул гуреб, чӀегӀераб, каранда хъахӀаб тӀанкӀги бугеб, хӀатӀаздаги хъахӀал щватаби ретӀераб гӀадаб, жибгоги тири-гъирияб тӀинчӀаб кету. ТӀогьиса рачӀги бугоан гьелъул гӀазухъахӀаб.

– Кинго кӀоларо дирго Симба кӀочон тезе. Гьелъул бакӀалда гьаб-цоябги бачун букӀана. Додинаб цӀакъаб кету гьалъул лъугьинада-яли лъаларо, – ян беэдулеб букӀана АхӀмад-дацица жиндиего цӀищвараб гьудул.



ХIабиб Къурбанов

# Ролъул мугь



Цо бакъараб цIунцIра букIана, цIарги гьелда Имил букIана. Гьелъ гIемер мехалъ балагьана жиндиего щиб букIаниги кваназе гIадаб жо. Ахирги гьелда ролъул мугь батана. Борхун жиндирго бетIералдеги ккун, рокъобе баччулеб букIана гьелъ мугь. Свакайдал гIодоб гьебги лъун тIад гIодоб чIолаан цIунцIра, свак чучигун, цIидасан гьебги баччун унеб букIана гьеб.

БитIун Имилида тIасан боржунеб букIана къадако. Гьелъги жиндиего кваназе жо балагьулеб букIана. Къадкида бихьана гьеб нигIматги баччун унеб цIунцIра. Рехараб гамачI гIадин, гIодобехун боржунги бачIун, цIунцIраялда тIад чIана къадако ва гьелъухъа тIагIамаб квен бахъизе къасд гьабуна. ЦIунцIраялъ къанккураб, биччалеб букIинчIо хIалица жиндиего щун букIараб ролъул мугь. ЦIунцIрагун цадахъ гьаваялдеги борхун, цогидал хIанчIи ругеб бакIалде босана гьелъ доб нигIмат. ГIодоб рештIиналде гьезда тIаделъана бакъараб къудкузул боги. Кисанго тIадеги руссун, цIунцIраялъухъа бахъана гьез ролъул мугь. Гьез цоцахъаги бахъулеб букIана мугь, цонигиялъе кваназеги щолеб букIинчIо гьеб. Ролъул мугьин абуни, торгIо гIадин, кIанцIолеб букIана гьеб дагIба-къецалда ругел къудкузда гьоркьоб. Лъиего кваназего щвечIого билун тана мугь. Къудкузул къеркьей сасана.

Мугьин абуни ракьулъеги ккун, гьениб хутIана.

Ихдал гьеб мугь тIирщана. Хадуб тIор бана. Хаслихълъи щведал, барщун гIодоре гъана тIор гIодобе цIарал мугьал. Цинги роржун рачIана, араб соналъ цохIо мугь сабаблъун ратъулел рукIарал къудкузда релълъарал хIанчIи. Цо-цо, кIи-кIи мугьги кванан, роржун ана къудкул. Цо мугьин абуни, додинго ракьулъе ккана. Цогидаб мугьин абуни долдаго релълъараб цIунцIраялъухъе щвана. Гьебги добго Имил букIун батизе бегьула.

ЦIидасан их бачIана. Ролъул тIор тIирщун къватIибе баккана. Гьелда тIор бана. Барщана ва ракьалде гъенана. Гьел мугьал кванана долго къудкузги цIунцIраялъги. Амма кидаго гIадин, цо мугь ракьулъе кколеб букIана. Гьедин, щибаб соналъ ролъул мугьаз къудкулги цIунцIраги кваназарулел рукIана.

# Алжаналъул гьоцlо



Наязул эбелалъ киналго роржарухъабиги ракlарун абуна:

– Ахирал соназ гьацlул тlагlам гlажаибго хисулеб буго, гьелъие баччулеб тlогьол къадарги дагьаб буго. Сундулъха иш бугеб? Дида кколеб буго киналго гурин ракlбацlцlадго хlалтlулел ругел абун. Цо-цо гьадинго тира-сверизе унел ратилилан кколеб буго дида. Киназдаго хадуб халккунги бажарулеб гьечlо. Щибдай гьабун лъикl?

– Дида лъала гьабизе кколеб жо! – ян ахlана цо бетlерги багlараб Зивзи абун цlарги бугеб гlолохъанаб наялъ. – Рачlа, жакъа къоялдаса нахъе щибалъ жинди-жиндир гьоцlо батlа-батlаго гьабизе. Гьеб мехалъ лъазе буго лъица кигlан къадаралъул ва кинаб гlамалъул гьоцlо гьабурабали.

– Цlакъго цlодорлъун гурищ мун бугеб? – ан ахlдана цо-цо гьелда разилъичlел наял. – Гьелдалъун биххизе буго нилъер наязул цолъи. Цинги рахъ-рахъалъ роржунги ун тlагlине руго нилъ. Гlаммаб магlишаталъулин абуни нилъее пайда букlине буго!

– Нуж нужеего бокьухъе хlалтlе. Дицайин абуни гьоцlоялъе лъинцlо батlаго бакlаризе буго! – ян ахlдана Зивзи.

Радал хехго боржунги ун, бищунго гlисинал тlугьдузда рештlана Зивзи. Гьел тlугьдузул дагьаб гурони гьоцlо щоларо, амма гьеб бищунго цlакъаб букlуна. Чlахlиял наялин абуни чlахlиял тlугьдузда рештlунел руклана, гlисинал тlугьдузде гьел гlагарлъулелцин руклинчlо. Киналго гlисинал тlугьдул Зивзие хутlулел руклана.

Кlал цlун жинцаго бакlарараб гьоцlо Зивзица хlалбихьизе наязул эбелалъе кьуна.

– Бугеб гьайбатаб гьоцlо! Дие гlумруялъ гьадинаб гьоцlо кваназе щун букlинчlо. Гьалда гьоркьоб ххарил махlниги лълъадал тlагlамниги гьечlо. Мун, Зивзи, гьаб гьацlуда хадуб Алжаналде ун букlун батизе ккола.

– Инчlо, баба! Нилъеда сверухъги дагьал гьечlо Алжаналъул тlугьдул. Лъугlизегlан тlогьол гlим цlцlузе бегьуларо. Тlогьол тlиналда лълъим букlуна ва ххарил махl батула. Дица тlаса бакlарун тола гьацlуе гlим.

– Унго, дур гlакъиллъи! Дица жеги лъиего хlухьбахъиялъе заман кьун букlинчlо. Мунин абуни гьелъие мустахlикълъана. Дица мун тlубараб анкьалъго хlалхьуда тела. Гьоцlоги кванай, рахlатги гьабе!

– Эбел, гьава-бакъги лъикlаб буго, тlугьдулги хlалхьезегlан руго. Кlванагlан гьоцlо бакlаризе хlаракат бахъизе ккола.

Зивзица гlемераб гьоцlо данде гьабуна. Тlоцебе гьелъул хlалбихьана Мухlумма-кlудица ва разилъун бетlер хьвагlана:

– Гьаб алжаналъул гьоцlо бугогури! Гьадинаб гьацlуда цадахъ мацlгицин къулчlизе бахъина. Къулчlанигицин, гьадинаб гьоцlо кванани, цlияб мацlги бижизе бегьула! Гьаб гьоцlо бакlарараб кlал меседил батила! – ян абуна кlудадаца.

# Бесдал эбелалъул сихIру

КIиго яц – талихIкъарал гъаримал бесдалэбелалда цере ккана. Гьелда цIарги Зугьра букIана. Ясазда гьелъул цIар загьрулъун бихьулеб букIана. Ясазул цоялда цIар – Базу, цогиялда – Бизу букIана. Бесдалэбелалда гьел кидаго къосунаан.

– Гьадинал цIаралгIаги лъица нужее ургъарал. Ургъунго, дие квешезего гIадин, лъурал ратила. Ясазги гьелда рагIун Зугьраян абуниги, рагIиларедухъ Загьруйилан абулаан.

Бесдалалъ жиндихъего Базу ахIулаго, гьелъие квешезего Бизу ячIунаан.

– Дица мун ахIичIогури, тIагIа гьаниса! – ян ягъулаан гьей.



Цоялъул цIар ахIигун, кIиялго рачIине лъугьана ясал. Гьелъги дагьабги щцин гьалаг гьабулеб букIана бесдалалъул.

– Щиб, цоцаздаса ричIизе кIоларогойищ ругел? ТIагIа дида цереса! – ян ахIдолаан гьей ясазде.

Гьей ясазде ягъулелъул, гьелъул вас Асу вохулаан ва гьес абулаан:

– Дидаса мисал босеха нужеца. Дида гIадин хьвадизеги лъа нужеда. Диде киданиги эбел ягъуларо. Гьелъул гIаксалда гьелъ дида убачал гьарула, – абун.

Гьайгьай, бесдалэбел чияр лъималазда къочариларо ва хIеренаб рагIи гьелъ абиларо. Гьелъул гIаксалда бокьараб гьереси ургъила.

Лъабго лъимералъе кIиго хоно белъине лъугьана гьей.

– Дир вас Асуе гIемераб квен къваригIунаро. Гьесие бащдаб хоно гIола. Гьале нужее цо-цо хоно кьолеб буго. Нужеца гьесие кIиязго цоцо бащалъи кье, – абун ясал гуккизе къасд гьабуна гьелъ.

Бесдалэбел сихIирай ятани, ясалги гIантал рукIинищха.

– Ниж цIакъ нечолел руго, дуца нижее цо-цо хоноги кьун, Асуе бащдаб-бащдаб гурони щолеб гьечIелъул. Нижер «вацакоеги» дуца тIубараб хоно кьечIони, ниж тIокIалъ кваназе гьечIо! – ян абуна гьез бесдалалда.

Ясазул цIодорлъиялъ битIахъе гIадаллъизе яхъана, гьадинги кIудияб гIакълу букIинчIей бесдал эбел.

Лъабабго лъимералъе цо-цо хоно белъани гурони, батIияб рес гьелъиеги хутIичIо.

**МухIамад ХIажиев**

# КинидахъкечI



Сверухъе мугIрул руго
Дуе хъаравуллъун чIун,
Гъваридал кIкIалал руго
Дуе балъголъи цIунун.
Лъаразул гаргар буго
Щибали дуй бицунеб.
Къад букIараб доб гъургъур
Дагьлъана макказулги.
ХIанчIазулги сверухъе
ХIикматал бакънал чIана.
Жиде-жидер бусада
Макьиде гьел руссана.
ЧIегIераб юргъанги бан,
Ракьцин макьида буго.
Мунги кьижа, дир месед,
Гьаб хIулидул бусада.
РагIулищ цIад щенолеб
Дуй макьу гьуинлъизе,
КIкIалахъ гIор гьулгъудулеб
Макьинакаби рачун.
Дур макьу гьуинлъизе,
Гьурмада басандизе,
Ххурдузул махIги босун
Щвана тамахаб гьури.
Эбелалъги гьале дуй
Ахх бачунеб, дир хирад,
Дур беразда хIеренаб
Макьу ххурхине гIоло.

# Ясги эменги

— Яс, дуца щурулеб щиб,
Щай жеги кьижуларей?
ЩайтIабигун гаргалей
Палихъаналда релълъун?
— Къад гьарурал хIаязул
ХIисабалда йиго дун,
Метер гьабилеб хIалтIул
ТIалабалда йиго дун.
— Дуца дарсал гьарила,
Ясалгун ясандила.
Кинаб хIалтIи букIунеб,
Кинаб тIалаб букIунеб?
— Цин эбелалъе тIогьол
КвацIи бетIизе ина,
Цинги дирго кьагIрие
ГIидра бетIизе ина,
Лъарахъе ясикIодул
РетIел чуризе ина,
Гьелъие рокъой щведал
Горде цIияб букъила,
Цинги дарсалги гьарун,
Киноялдеги ина.
— Гьеб кинабго тIубазе
Заманго гIеладай дуй?
— ГIела, гIела, гIела, — ян
Гьей бусаде кIанцIана, —
Дада, сордо лъикIилан,
ТIаде юргъан бачана.

Мухlамад Хириясулаев

# Гlалавудинил чирахъ

Шагьаралде вачlарав дир кlудие бокьула росулъго гlадин, рагъида кьижизе.

— Магlарухъ гlадаб бацlцlадаб гьава гьечlониги, рокъобалдаса гьогьомунгlаги букlуна гьениб, — ан абула гьес.

Цоги гьесул гlадат буго къаси цудунго вегулеб ва радал, ралъдада тlад рогьелалъ хъахlлъи тlибитlарабго, тlаде вахъунеб. Диеги бокьула кlудида асклов рагъида вегизе. Букlаралъуб телевизорги тун, гьелда цере кlусаралъур вацалги тун, дунги вахъуна гьесда цадахъ рагъиде, эбелалъ дие къачlараб диваналда вегизе. Гьенир сордойил кlудица дие рицунел маргьабазул хlикмалъиха цо! Гьез дир реклее гьабулеб асаралъул бицун пайда гьечlо, гьеб бичlчlизе буго гlицlго кlудил маргьабазухъ гlенеккаразда. Гьезулъ буго бахlарчилъиги, ритlухълъиги, лъикlлъиги, квешлъиги. Камулаpо хlалихьатал хlиллачагlиги. Ккезе ва лъугьине рес гьечlел ишалцин гьенир нилълъ божуледухъ рижун



рачӀуна. Гьел киналго лъугьа-бахъинал церечӀола, киноялъул экраналда гӀадин гурел, нилъеда сверухъ кколел ругел гӀадин. ТӀубараб къоялъ цересa унаро гьесул маргьабалъ дандчӀварал нарталги, хъартайги, хъарцинай къороралъул къвакӀарав васги, къарумав ханасул берцинай ясги. Гьебни щиб, маргьабалъ гӀадал хъантӀарал яги лебалал, бахӀарчиял яги гьудуласе хисулел чагӀи дидаго сверухъ ратизе, рихьизецин кумек гьабула гьез. ГӀемер жоялда тӀад ургъизе тӀамула, кантӀизавула.

Нолъ вегун хадуб кӀудица дие бицун букӀана цо гӀарабазул маргьу. Гьениб ГӀалавудинилан абулев васасул хӀикматаб чирахъ букӀуна. КӀиго-лъабго балъгояб рагӀи гьес щурарабго, чирахъалъуса къватӀибе кӀанцӀула зодобги гӀодобги цураб ГӀирпит.

— Хважаин, буюре дурго! — ян чӀола гьеб ГӀалавудинида цебе. Кинаб буюрухъ гьес кьуниги, щиб тӀадкъаниги, балагьараб бер къапилалде, тӀубазабула. Бокьани, залимаб зарги кьабун, анкьтӀалаяб гӀалгӀа биххизабула, бокьани, кьурабиги щущазарун, щобалги минатахъ ран, гьел рукӀараб бакӀалда битӀараб авлахъ лъугьинабула. Цо хӀухьбан, ралъад гьекъола. ТӀаде бухӀараб хӀухьелги гьохьун, рохьал къвагъизарула. Цо лахӀзаталде дунялги сверун, нахъбуссуна. Къокъгьабун абуни, ГӀирпиталъухъа бажарула-ребги гьелда гьабизе кӀоларебги иш букӀунаро. Хважаинасул буюрухъ тӀубарабго, тӀадбуссун чирахъалъубеги ун, парахатго чӀола гьеб.

ГӀалавудинил хӀикматаб чирахъул хӀакъалъулъ гьеб маргьуги бицун, дир кӀуди гьапуллъана. Амма дида кинго кьижизе кӀолеб букӀинчӀо. ГӀирпиталъе жаниб бегизе бакӀ гӀолеб чирахъ кигӀан кӀудияб букӀине кколеб? Дица щиб-щибниги ракӀалде щвезабулеб букӀана. Гьеб чирахъалда данде ккезе, гьелда релълъинабизе жо кигӀан ургъаниги батулеб букӀинчӀо. Ахирги бихьана нижер рукъалдаса гӀемер рикӀкӀад гьечӀеб заводалъул зодихъе араб кӀкӀуйдул тӀала. Гьеле гьединаб букӀун батилин доб хӀикматаб чирахъилан тана дица. Нахъеги ботӀролъе рачӀана батӀи-батӀиял пикраби. Цощина, доб ГӀирпит ГӀалавудиние мукӀурлъичӀони, гьесухъги гӀенеккичӀого, жиндиего бокьа-бокьараб гьабизе лъугьани, щибдай букӀинаян ккана. Жиб чирахъалъубе лъугьинарилан чӀани, чан балагьдай гьелъ гьабилаан. Гьединал пикрабазул рахсида хадув лъугьарав дир лъалаго беразда тӀаде тӀелхал рортизе лъугьана.

Циндаго... Гьаб щиб гӀаламат? КӀудил маргьудулъе дунищ ккарав, дир гӀумру маргьулъунищ лъугьараб? ГӀададакъад нижер рагъида цебе бугеб заводалъул кӀкӀуйдул тӀала, борохь гӀадин, кӀичӀардизе лъугьана. Цин бакӀ-бакӀалдаса шар гӀадин понцӀола гьеб. Цинги резина гӀадин цӀан бачӀун, халалъула. Хадуб борохь кинигин кӀичӀардизе лъугьуна. Гьеб хӀикмалъи бихьунгутӀизеян, дица берал къанщана. Гьел гьаркьал рагӀунгутӀизелъун, гӀундузда хъатал чӀвана. Амма дида цебеса доб сурат инчӀо. Добго хӀалалъ гӀундузда жаниб гъугъалеб букӀана гӀасияб гьаракьги. «Гьанже дидаса ворчӀизе бакӀ гьечӀо дуе! — ян хӀалуцун рагӀулел рукӀана цо кинабали вахӀшилъи гъорлъ бессарал рагӀаби.
— Дуца берал къанщаниги, къадазда нахъа вахчаниги, дун кибего, мун вугелъубе щвезе буго, — ян такрарлъулеб букӀана гьеб хӀалуцараб гьаракь. Цощина ГӀирпитдай доба кӀкӀуйдул тӀалаялъуб бугебан паркъана ботӀролъ. «У, дун буго!» — ян щвартӀан тӀалаялъуса къватӀибе кӀанцӀун бачӀана цо гӀажаибаб жо. Жирарал цабиги, цо гьабилан цӀар лъезе лъалареб куцги, кинабго черхалда чӀегӀераб расги! Минуталда

жаниб хис-хисула гьелъул гьадинги сурараб лага-черх. Ххенола цӀа гӀадин багӀарал, богӀолоялъул гӀадин хъантӀарал, ццидалал берал. Цин кверазул бакӀалда бохдул, бохдузул бакӀалда гӀундул лъугьуна. Цинги чохьонисан, къвалакьан, кӀалдисан баккун бачӀуна лъабго батӀияб гьумер. Цояб гӀодула, цояб гӀагӀаялда белъула, лъабабилелъ бищун ццидалал хӀинкъаби кьола, тударула. Лъавудаса ине дагьав хутӀарав дун гьабизе жо тӀагӀун вукӀуна.

Дида жибго сурун бихьараблъи лъараб гӀадин, ГӀирпит цӀидасан ахӀдезе лъугьуна: «Ва-гьа-гьа-гьа... Дир берцинлъи гӀоларогойищ мун? Дица цӀакъ бигьаго бахчила гьеб дудаса!» – ян гӀасиял гьаркьал гьаруна гьелъ. Ва байбихьана хъахӀаб бакъги хъахӀилаб зобги чӀегӀер белъине. Гьелъ зодиб бахунеб лажбар загьрулъун тӀинкӀулеб букӀана гъутӀбузде, тӀугьдузде, ххурдузде. Холел рукӀана гьел, ракьалдеги къулун. Гьелъул тӀири тӀаде щвараб щибаб хӀанчӀил куркьбал далулел рукӀана. Рорженги гьоркьоб къотӀизе тун, гьел, ганчӀал гӀадин, гӀодоре ротулел рукӀана. Гьебги гӀечӀого, ГӀирпиталъ магӀарзухъанги кӀалдисанги угьураб хӀухьелалъул парчаби риччана. Цоялда хадубгъун, цогияб бачӀунеб букӀана гьеб, чӀурхӀулаго, бухӀулаго цебе батанщинабгун. Сверухълъиго бежулеб букӀана гьелъул бухӀиялъ. Дир нусабго логодасаги гӀетӀ чвахулеб букӀана. КӀал-мацӀ бакъван, къечалъ ссваруледбукӀана ургьимес. Гьебцин бигьаяб жо, бажарулеб букӀинчӀо бакӀаб махӀ бахъараб гьава гьуърузулъе биччазе. Къечалъул хӀалбергьарав дун векерана краналъухъе. Гьеб кьурунилан лълъим кисаха чвахxулеб, хул - хулиги бахъун, нахъбуссун унеб бугоан турбабазухъан. Сородулел жалго турбабиги рукӀана. Гордухъан валагьидал бихьана, шагьаралъего лълъим кьолеб хӀорида тӀад кӀалги чӀван, тӀиналда хутӀараб хӀаригун цадахъ гьеб гьекъолеб ГӀирпит. Гьекъолебищха гьелъ гьеб букӀараб, хъантӀун цӀцӀулеб, хапчулеб букӀана. Дида лъана рукъзабахъа лълъимги ГӀирпиталъ цӀцӀун араблъи. АхӀи базе лъугьана гьеб мехалда дун. Амма гьаракь бачӀунеб букӀинчӀо, гьеб жанибго гъанкъун хутӀулеб буго. Гьеле гьеб мехалда бачӀана бищунго хӀинкъараб пикру: «АхӀдеялъе гӀоло дие кумек киса щвелеб? Дунго гӀадин, кумекалде хӀажалъун кинабго гӀаламги батилагури!»

Кин букӀаниги, дихъа кӀвараб хӀалалъ «Э-бел!» – ан ахӀун биччана. ТалихӀалъ, гьабнухалда дир гьаракь къватӀибе борчӀана.

ВорчӀана... Ва дунго дидасаго нечана. Рагъиги бакъул цӀун буго. Бакъназ рачунел хӀанчӀиги руго. Зодил хӀеренаб хъахӀиллъигун жубан, гьелчолеб ралъадги бихьула. Ралъдал рагӀалда, цо ганчӀида гӀодовги чӀун, кидаго гӀадин, пикрабазда кӀудиги вуго. ХӀалтӀуде гӀедегӀарал эбел-инсухъа богорокъоб къачӀого хутӀарал краназухъан чвахулеб лълъадал чилчилиги рагӀула. Доле нижер рагъидаса рикӀкӀад гьечӀого бихьула заводалъул кӀкӀуйдул тӀала. Гьелда жаниса хъахӀилаб зодихъе унеб буго бицатаб кӀкӀуйдул хӀуби. Амма вихьуларо, гьечӀо ГӀалавудинги, гьесул чирахъги, ГӀирпитги. ТалихӀ гурищ, гӀицӀго кӀудиял маргьабалъги дир макьабалъги гурони гьел гьечӀолъи.



Хlажи Гъазимирзаев

# Бице, лъалеб батани?

Гъине байбихьана рохьил тlамахалъ,
Тlогьиллъи рехана харибакlазде.
Роол мучlдуздаса гlиял гочана,
Гlазул тlаргъал лъезе тlогьал лъугьана.

Тlину бихьуларел хlорал гвангъана,
Хlабургъарал лъарал тlокlкlун чваххана.
Сакалгун рагъулел ссогlал гlоразул
Гlанситlа кlанцlулел мохъал хутlана.

Кьагlрил ххух лъугьана, ххохол куй гlуна,
Фермабазда харил гlархъал рорхана.
Хlорахъ, лъарахъ чвердей лъималаз тана,
Школалда цlурмил гьаракь бахъана.

Лъагlалил рорцадул ункъил цо бутlа
Батlа бахъе, лъимал, лъалеб батани?



# ЛЪАЛИЩ, ЛЪИМАЛ?

Маргъал гӀадаб кӀургӀараб,
КӀибикьараб малъалъул,
Гъоркьацабзаз ххер тӀолеб,
ТӀасиял рижулареб.
Эбелалда хахдолеб,
Ххарилги тӀагӀам лъалеб,
ЛъагӀалиде ххух гӀолеб,

Хадуб куйилан толеб.
Тамахаб квас къунцӀулеб,
Квасул партал гьарулеб,
Гьанал тӀагӀам рекъараб,
ТӀогърой тахта берцинаб –
Лъалищ, лъимал, нужеда
Гьеб жоялда цӀар лъезе?

# КАЗБЕК ВА АРБЕК



Дир брутӀ кьурдулеб куц,
КьегӀер басандулеб куц.
Бесдал хутӀарал гьезий
Дун хиралъун вугеб куц.

Арбекилан ахӀани,
КьегӀер кодой бахуна.
Казбекилан кӀалъани,
БрутӀ квачӀида чӀола.

Шишаялда моцӀу бан,
Рахь хахула шавкъалда.
ГӀатӀал къакъачалги кун,
ЛагӀ бала гъираялда.

Гьел ругел кӀарчамал жал,
КӀодойги рокьулел куц,
Элъ гӀака бечӀчӀулелъул
ЧӀола кӀиябго хьолбохъ.

Казбек чанкӀкӀараб буго,
Чвантинийцин бакккула,
Элдаса бахчараб жо
Щибниги хутӀуларо.

КӀийилаб къиматги лъун
Бахчараб дневникцин,
Дун рокъой вачӀиналде
Инсухъе щун батана.

Гӏабдула Даганов

# Къункъраби



Зодихъ къункърабазул гьаркьал рагӏидал
Дун бетӏерги борхун балагьун чӏана.
Гьаваялда тӏелаз накъищал гьарун,
Гьел югалде руссун руго роржунел.

Рии тӏагӏарабищ дир тӏалъиялда,
Тӏугьдул речӏаралищ мугӏрул гӏурдада?
Жеги сон гуребищ, лъикӏ руссаралан,
Дица нужер салам буссинабураб?

Бураналъ хъамулел карачелаллъун,
Кире гӏедегӏарал гӏумрудул къоял?
Къункърабаца ихдал ахӏараб кочӏол
Асар дир рекӏелъа жеги лъугӏичӏин.

Гьел роржун рачӏунел свакарал куркьбал
Мугӏрул гьогьеналъе чучизе гурищ?
Гьезул ватӏан кинаб, рукӏел киб бугеб,
Кидаго гьел зодихъ ругин рихьулел?

Къункъраби, гьел нужер къваридал гьаркьал
Халкъазде гьабулеб аманат гурищ:
«Нилъее дуниял цохӏо бугин кьун,
Щӏуне гьеб нагагьал цӏаяздасаян!»





# *Биччанте*

Зоб цӏадае гъугъала,
Биччанте.
Бакъ канлъуе баккула,
Биччанте.
Гьороца гъветӏ кӏикӏула,
Биччанте.
Тӏегь берцинлъун баккула,
Биччанте.
Цоязе их бокьула,
Биччанте.
Цоязе – хасалихълъи,
Биччанте.
Гӏумру лъийго рихинчӏо,
Биччанте.
Гӏодун, рохун гьабуна,
Биччанте.
Рогьел къоялъе щола,
Биччанте.
Дур гордуги къирула,
Биччанте.
Гьими буго доб гордухъ,
Биччанте.
Доб дий гвангъараб гурищ?
Биччанте.

ГIаишат Малачиева

# Хьихьун гIураб мугIрул бис



Къамилухъе рахиндал,
Росулъ гьоболлъи байдал,
Бихьараб цо берцинлъи –
Хьихьун гIураб мугIрул бис! –

Риидал рохьой унеб,
Хаслихъе тIадбуссунеб,
Баркала лъалеб гьелда
Гъабилареб кин хIикмат!

Чан сон долдаса араб,
Гьаз рикIкIунго гьечIоан,
ГьитIинго гьаб бачIараб
КIочонеб къо гуроан:

Бесдаллъараб чанитIинчI
Инсанасухъе ккана,
Къисмат бигъараб гъарим
РухI цIунун хвасарлъана.

Хъурмил махI чIваларелъуб
ГьитIинаб тIинчIгIи бахчун,
ТIанчIие рахь тIагIиндал,
ГIадра кваназе индал,

Гьабнухалда къадеквен
Икъбал гьечIеб батана,
Лъим гьекъезе къуларaб
БисалтIе балагь щвана...

БацIица эбел чIвараб,
БурутIги лъороб бахчун,
Лачен рокъой вуссиндал,
Сапи гIажаиблъана.

БестIаллъараб бисилтIинчI
Рокьи кьун беэдана,
ТIурузаб гьитIичалъе
ТIадчIун хъулухъ гьабуна.

Чияс гьабураб лъикIлъи
Гьведацин лъалин буго,
ЛъикIал гIадамал бисалъ
Божиялъ рехун течIо.

Нилъалъ бацIалги гурелъул,
Чанил божи кин чIвалеб,
Жанаварлъун гьечIелъул,
РекIкI гьелъий щай гьабилеб?!

Гьадаб рухIчIаголъидул
Горбода нус кин балеб?!
ЧIурканлъи-камиллъидул
Гьан кваназейищ кIвелеб?!

# ГӀазу байдал



ГӀарабазул лъималаз
ГӀазуречӀчӀи хӀанадай,
МагӀарул хаселалъул
Хиялго гьабунадай?

Гьадинал хъещтӀераби
Индиязе щванадай?
Чуял гӀадал чангъазда
Дол жеги рекӀанадай?

Африкалъул лъималаз
Керчал тӀагърал лъунадай?
ТӀингъаца хинлъулареб
Хасел гьезда лъаладай?

Северал ъул цӀер чапун,
Чамасдак бижулебищ?
Чукоткаялъул лъимал
Пилазда рекӀунелищ?

# КатитIинчI

Басандухъан – ичико,
Кида дуда свак лъалеб,
Гогьдарухъан – мимикIо,
Састун щибун мун чIолеб?

Юргъаналда гъоркь бахчун,
Рахчирукъ хIазе лъалеб.
Биччараб мацIги бахъун,
Берал, мегIер чIикIулеб.

Кьижун те дун, ичико,
Радал яхъине кколей,
ТIутIун яге ясикIо,
Барщун, гIодизе лъалей.

Маргьудул мурмур баче,
Хехго берал къанщизе.
Тири-туруян бице,
Макьу гьуинаб щвезе.





# «ХIИКМАТАБ ДАГЪИСТАН»

## Самуралъул рохь

ТIабигIат цIакъ хIеренаб, хехго лъукъулеб хIикмалъи ккола. Гьелъул цо берцинаб бутIалъун буго Самуралъул бечедаб рохьги. Ракьулъан бурулел тIокIкIарал иццалги Самур гIорги бугеб гьеб бакIалда гIадаб гIажаибго рекъараб гьавабакъ Дагъистаналдаги тIолабго Россиялдаги батиларо. Цо бутIа Самуралъул рохьил чурулебго-чурулеб букIуна Каспий ралъдал лъадацаги.

Харабаз бицунаан гьеб рохь мукъадисаб бакIлъун кколилан, рохьил хIайван чIварав яги гьотIол гIаркьелгIанасеб жо бекарав яги тIубанго гъветI къотIарав чиясе кьварараб тамихI гьабулаанилан. Гьедин букIана I7-I8 гIасрабазда. Рохь бихьани художникас абила, унго, гьалъул гьайбатлъиго щибилан, гIалимчияс абила гьеб ракьалда бугеб алжаналъул бутIалъун кколилан. Самуралъул рохь ккола пачалихъияб кIваралъул бакIлъун – тIабигIияб федералияб заказнилъун. ХIинкъи буго гьенир ругел къанагIатал хIайваналги рухIчIаголъабиги тIагIиналда.

Самуралъул тIабигIияб миллияб парк ккола къимат тIокIаб ва къанагIатаб рохьил магIишатлъун. Гьенир гьутIбузда бусаби гьарула ихдалил заманалда роржун рачIунел ва хаслихълъиялъул гьогьоми рехарабго нахъеги унел къанагIатал хIанчIаз, руго цо-цо къанагIатал рухIчIголъаби ва тIегь-хер, гIицIго гьаниб гурони дандчIвалареб. Буччараб рохьил жаниблъиялда 70 батIияб тайпаялъул гьутIби ва хъархъал рижун руго.

Самур гIурул рагIаллъабазда 300 батIияб тайпаялъул хIинчIгъедуялъ гIумру гьабула, гьездаса I50 тайпа ккола бусаби гьарулел хIанчIи. Гьениб сияхIалда буго 5I тIагIун унел тайпаялъул къанагIатал, Россиялъулги Дагъистаналъулги БагIараб тIехьалде росарал хIанчIи.

Самуралъул ракь ккола хинал улкабазе хасиятаб бокьараб пихъ бижулеб, гьединго ччугIби кколеб бакI, къокъго абуни, дунялалда бугеб Алжаналъул цо тIанкI гIадаб бакI.

Самуралда сверухъ ругел районазда гIурул лъедаса пайда босула, къотIула къиматаб рохьил гьутIби. Рохь бечIала, бакъвала, щущала хIанчIазул бусаби. Араб гIасруялъул 70-абилел соназдаса нахъе гьеб гьайбатаб тIабигIат цIуниялъе кколеб тадбир гьабун гьечIо. ГIадан-инсан жавабиявлъун ккола тIабигIаталда цеве. Гьеб цIуничIони, гьелъги нилъедаса къисас босула.



# ХIажияв щай барщарав?

* * *

Лъималазул ахикьа рокъове вачунаго, жиндие конфетал росейилан гьарана ХIажияс.

Тукадаса къватIире лъугьунаго, данде кканщинал лъималазеги гьел рикьизе тIамуна гьев эбелалъ. Байбихьуда гъираялда гьел рикьулевги вукIун, къвачIил ахада кIиго конфет хутIун батидал, барщаризе лъугьана гьев. Киналго рагIаби битIун абизе лъалел гьечIониги, магIнаялда

— Росдаего бии гьаб цогьо буараб ъваъва! — ян абуна гьес эбелалда, гIереде кIутIбиги цIутIизарун.

— Щиб асие, адигIан рази гьечIого вукIине ккани? — абун гьикъана мадугьалалъ.

— Росдаего бикье гьаб цохIо къвачIинир рукIарал конфеталилан абулев вугоха ав, — илан эбелалъ бициндал, кIарун елъана кIудияй гIадан.

— РагIи бегIерав, гIамал кIудияв жо лъугьинчIониха дур ХIажияв, — илан тIадеги жубана гьелъ.



# Бахиллъиялъул зарал

Дарс лъугIун, цIумур къабураб-го, лъимал цоцазда цереса-цере кIанцIулаго, школалъул азбаралде расандизе ана. Чантиниб букIараб гIисинаб гIарацги рикIкIун, ГIазраица жиндиего гьелъухъ щварал конфетал росана. Цо-кIиго тIасаги босун, жиндирго портфелалъур гьелги лъун, гьейги лъималазда аскIое гIедегIана. Дежурниййлъун вукIарав ХIамзатица, гьенисаги росун, щибав цIалдохъанасе кIи-кIи конфет кколеб хIалалъ, щибаб партаялда лъуна.

Дарсиде ахIаралго, рекерун лъимал классалде руссана. Конфетал рихьаралго рохарал классцоял, баркалаго-баркалайилан конфетал кванaзе журана. Бищун ахиралда классалде щварай ГIазра, гIажаиблъун гьезухъ ялагьун хутIана.

- Щибаб буголъиялдаса закагIат бахъизе кколин абула нижер кIудадаца. Гурони гьеб боцIи пасалъулиланги бицуна гьес. Дуца киназего цо-цо конфетгIаги къун букIарабани, хутIаралниги дурго чантинир рукIинаан. Дурго къарумлъиялъул хIасилалда буголъиялдаса ятIалъана мун, - илан расги гьимичIого, кIудияв ва цIакъго гIакъилав чияс гIадин, махражалда абуна, ХIамзатица гьел конфетал рикьараблъи лъалев гьесулго гьудул Идрисица, ГIазраихъги балагьун. ХIалицаго гьимиги бахчун, цIалдолелев вугеб ххвелги гьабун, тIехьалде къулун чIун ХIамзатги вукIана.

Къарумайилан жиндирго хIакъалъулъ киназулго пикру ккунгутIизе гIоло, конфетал лъилалицин лъималазда лъазе бокьичIого, багIа-бакарлъунги лъугьун, расги лъалареб гIадин, гIенекун ГIазраъги чIана.



# ЦIодораб гъеду



Гордухъанги ялагъун, рагъдухъ рештIараб гъудузул руккалида хадуб халккун йикIана дун. Цо щибалиго цоцахъа бахъулел ругилан кколаан гьел. Гьезул гурулъа гьаваялде бахъун ана цо цIакъго тириго твархулеб букIараб гъеду. ГIезегIан борхалъудегIанги боржун, гьелъ жиндирго кIалдиб ккун букIараб цIулакьо гIодобе бортизе биччана. ТIанкъан хъил тIураб, къвакIараб азбаралдаги речIчIун, цIулакьу бекунги ун, чанго бутIаялде биххана. Киналго гъудулги тIаделъун, бекараб цIулакьо кванан лъугIизабуна. Дагьаб добегIан гъотIода гьоркье гъараб тIамахги хъирща-хъван, нахъеги батараб цIулакьоги гозоялъги ккун, додинго гьаваялде боржунги ун, гьанжесаги бортизе биччана гьелъ. Гьедин, гъурунго - гъурун цIулакьогун, жиндирго хъизан кваназабулеб букIана гъадица.

*ГIайшат Малачиева*



Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

5/2019

сентябрь – октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Регистрационный номер
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** З.Даганов
**Художник обложки** А. Качаев

Формат 60x84 $^1/_8$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,19.
Уч. печ. лист 3,26.

Сдан в печать 24.09.2019 г.
Выход в свет 29.09.2019 г.
Тираж 1176 экз.
Заказ № 447.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.